



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON K AP FÈ ENVESTISMAN REKÒ \$25.8 MILYA NAN EDIKASYON SIPERYÈ ATRAVÈ NEW YORK

Ogmante Èd Edikasyon a \$1.1 Milya, ki Enkli Ogmantasyon \$700 Milyon Èd Debaz - W Ap Jwenn Repatisyon Rejyonal la [Isit la](#)

Gouvènè a Anonse Dezyèm Faz Pwogram Ekselans nan Ansèyman Empire State la (Empire State Excellence in Teaching Program) pou Rekonèt Pwofesè Eksepsyonèl Atravè New York

Plis pase 60 Onorab nan Tout Eta a ap Resevwa \$5,000 Rekonpans pou Devlopman Pwofesyonèl

Rekòmande yon Pwofesè anvan 11 Me 2017 [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a, lejislasyon k ap investi yon montan \$25.8 milya nan edikasyon siperyè atravè Eta New York. Nouvo lejislasyon an ranfòse èd edikasyon an (Education Aid) a \$1.1 milya, ki enkli yon ogmantasyon \$700 milyon nan Èd Debaz (Foundation Aid). Investisman odasye a apiye angajman Gouvènè a pou ranfòse rezilta edikatif yo, ki enkli yon ogmantasyon nan èd edikasyon \$6.2 milya, oubyen 32 pousan, sou sis dènye ane ki pase yo.

Gouvènè a te anonse dezyèm faz Pwogram Ekselans nan Ansèyman Empire State la, ki rekonèt 60 pwofesè atravè New York k ap prepare yon nouvel jenerasyon moun k ap aprann pou lavni yo avèk siksè. Moun ki genyen yo ap resevwa yon onè nan men Gouvènè an, opòtinite pou konseye pwodiktè politik edikasyon yo, ak yon rekonpans \$5,000. Fon yo kapab itilize pou ansèyman kontini ak devlopman pwofesyonèl.

Gouvènè Cuomo te deklare: “Lè n investi nan edikasyon plis ke jamè anvan, e plis pase nenpòt lòt eta nan peyi a, n ap ouvri aksè a edikasyon kalite soti nan preskolè rive nan inivèsite, epi ede Nouyokè yo bati yon baz ki pi solid pou pouswiv rèv Ameriken an. Chak elèv nan New York bezwen, e yo merite aksè a yon edikasyon mondyal pou asire yon avni ki briyan, e nou dwe kontinye investi nan lekòl nou yo, pwofesè nou yo ak elèv nou yo pou asire yon eta ki pi solid pou jenerasyon k ap vini yo.”

Investisman Rekò \$25.8 Milya nan Edikasyon

Bidjè Eta a pou ane fiskal 2018 la (FY 2018 State budget) fè investisman istorik nan

tout nivo nan peyizaj edikatif la pou amelyore siksè elèv yo. Sa gen ladann:

- **Lekòl Matènèl:** Bidjè a genyen ladan l yon investisman \$800 milyon nan lekòl matènèl pou sipòte epi agrandi bon jan kalite klas matènèl ki dire demi jounen ak jounen konplè pou timoun ki gen twa zan ak katr an nan distri lekòl ki gen gran bezwen yo.
- **Lekòl Kominotè (Community Schools):** Bidjè a founi \$150 milyon – ki se yon ogmantasyon \$50 milyon – pou sipòte transfòmasyon lekòl ki gen gran bezwen yo pou yo vin sant pou kominote yo. Finansman sa a sipòte sèvis ki inik pou bezwen endividyèl chak lekòl, ki gen ladan pwogram pou avan ak aprè lekòl yo, aktivite aprantisaj pandan ete yo, swen medikal ak swen dantè, ak lòt sèvis sosyal ankò.
- **Pwogram Aprè Lekòl Empire State la (Empire State After-School Program):** Bidjè a envesti \$35 milyon nan nouvo finansman pou pwogram aprè lekòl nan lekòl piblik ki nan 16 kominote ki fè pati Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la (Empire State Poverty Reduction Initiative, ESPRI), ansanm ak nan kominote ki gen to povrete elve nan eta a. Nouvo finansman sa a pral kreye 22,000 espas adisyonèl pou etidyan nan pwogram aprè lekòl yo.
- **Lwa Smart Schools Bond (Obligasyon pou Lekòl Entelijan):** Lwa Smart Schools Bond lan bay \$2 milya finansman pou distri yo re-imaginer klas eta a epi bay elèv New York yo resous teknolojik, kapasite ak anviwònman aprantisaj ki nesèsè pou yo reyisi nan 21^{yèm} syèk la. Finansman an sipòte teknoloji edikasyon ki amelyore, ki enkli amelyorasyon nan enfrastrikti, aksè entènèt wo debi, ak teknoloji aprantisaj aktif.

Gen yon repatisyon finansman an ki disponib [isit la](#).

Prim Ekselans nan Ansèyman Empire State la (Empire State Excellence in Teaching Awards)

Pou nou rekonèt epi onore ekselans ak inovasyon anndan sal klas yo, Bidjè a founi \$400,000 pou finanse yon dezyèm faz prim Ekselans nan Ansèyman Empire State la. Pwogram nan rekonèt pwofesè ki soti nan 10 rejyon diferan nan New York, depi North Country rive nan Vil New York. Pwogram nan onore moun eksepsyonèl ki bay egzanp nòm ansèyman ki pi siperyè, k ap travay pou favorize kreyativite, ki montre lanmou pou ansèyman, epi enspire rezonman endepandan ak inisyativ elèv.

Pwofesè lekòl piblik yo kalifye pou aplike pou rekonesans sa. Nenpòt manm nan piblik la ka rekòmande yon pwofesè lè l ranpli yon rekòmandasyon [isit la](#) anvan 11 Me 2017. Y ap avize pwofesè yo nomine yo pa imel epi y ap mande yo soumèt yon aplikasyon.

Nou envite pwofesè New York yo soumèt yon aplikasyon pou konsiderasyon final pa yon panèl lidè ki soti nan plizyè asosyasyon edikasyon pwofesyonèl New York. Ou dwe voye aplikasyon ou anvan 18 Me 2017.

Manm panèl yo se:

- Doktè Paul Fanuele, Prezidan, Asosyasyon Administratè Lekòl Eta New York (School Administrators Association of New York State), e Direktè Arlington High School
- Jolene DiBrango, Vis Prezidan Egzekitif, Pwofesè Ini Eta New York (New York State United Teachers)
- Michael Mulgrew, Prezidan Federasyon Pwofesè Ini (United Federation of Teachers)
- Doktè Charles Dedrick, Direktè Egzekitif Konsèy Sipè-entandan Lekòl Eta New York (New York State Council of School Superintendents)
- Gracemarie Rozea, Prezidan, Asosyasyon Paran Pwofesè Eta New York (New York State Parent Teacher Association)
- Doktè David Cantaffa, Asistan Dwayen pou Preparasyon Edikatè SUNY

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Ekselans Ansèyman Empire State la, tanpri vizite: www.ny.gov/NYSTeachingExcellence.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418